

## BAB III


### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Sumber Data

Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta subjék timana data dibeunangkeun. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta masarakat Kampung Naga usia produktif salaku réspodén ogé pola kahirupanana, cara dina ngumpulkeun datana ku cara wawancara ogé tina dokumén hasil obsérvasi.

#### 3.2 Désain Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina nyusun ieu panalungtikan bisa katitén dina bagan ieu di handap:



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode asal kecapna tina basa Yunani nya éta *methodos* nu ngandung harti jalan nu dipaké. Jadi, méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun meunangkeun data tina tujuan panalungtikan, (Arikunto, 2010: 192). Sedeng numutkeun Sugiyono (2013: 3) dihartikeun minangka cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan jeung kagunaan anu tangtu. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif.

Kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun atawa ngagambarkeun hiji hal, misalna kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jsb. Ku kituna nu dimaksud panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan nu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan atawa kondisi hiji hal nu digambarkeun dina wangun laporan panalungtikan, (Arikunto, 2010: 3).

Panalungtikan déskriptif disebut ogé panalungtikan nu basajan dibanding panalungtikan-panalungtikan séjénna. Ku sabab, ieu panalungtik teu ngarobah, nambahan, atawa ngamanipulasi data kana objék nu ditalungtik. Digambarkeun sacara lugas, sakumaha ayana. Luyu jeung pamanggih Suyatna (2002: 14) nu nétélakeun yén méthode panalungtikan déskriptif téh nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dina cara ngagambarkeun hungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Anu jadi dadasar panalungtik ngagunakeun ieu méthode, nya éta pikeun ngungkab sacara jero Kearifan lokal kahirupan masarakat Kampung Naga, minangka tradisi nu diwariskeun ku luluhurna. Utamana dina sistem pendidikan kulawarga, kamasarakatan, atawa organisasi sosialna. Analisis kualitatif dilakukeun pikeun maluruh fenoména sosial, meunangkeun informasi ngeunaan peran kulawarga, masarakat, atawa organisasi sosial dina numuwuhkeun jeung ngawariskeun tradisi ti sesepuhna ka generasi nu ngorana. Nu mangrupa adat istiadat nu lumangsung ti sababaraha taun katukang nu kiwari masih dijaga éksisténsina.

Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kumaha waé sistem

pendidikan kulawarga, kamasarakatan, atawa organisasi sosial masarakat Kampung Naga.

### 3.4 Wangenan Istilah

Sangkan teu nimbulkeun pamahaman séjén, di handap ieu dipedar wangenan ngeunaan kecap-kecap nu dijadikeun judul panalungtikan:

- a) sistem ngawariskeun nya éta cara nu dipaké pikeun nepikeun atawa ngajarkeun sagala rupaning nu jadi kabiasaan-kabiasaan nu dilakonan ku sakumna masarakat, utamana ti kolot ka generasi satuluyna;
- b) ajén atikan nya éta ajén-inajén ngeunaan hiji pangaweruh nu bakal méré mangpaat pikeun manusa sangkan hirup dina kahadéan atawa ajén-inajén anu dibeunangkeun ngaliwatan pangajaran pikeun kahadéan;
- c) kulawarga nya éta Kulawarga nya éta anak-pamajikan batur saimah katut baraya nu milu cicing (Kamus Basa Sunda, 2006: 371);
- d) kamasarakatan nya éta masarakat numutkeun Koentjaraningrat (2009: 118)
 

*“Masyarakat adalah kesatuan hidup manusia yang berinteraksi menurut suatu sistem adat-istiadat tertentu yang bersifat kontinu, dan yang terikat oleh suatu rasa identitas bersama.”*;
- e) Kampung Naga Kampung Naga mangrupa kampung adat nu aya di hiji léngkob. Kampung Naga perenahna di Desa Neglasari, Kecamatan Salawu, Kabupatén Tasikmalaya. Asalna tina kecap “nagawir” dumasar kana lokasina nu aya di gawir, disingget jadi naga nepi ka kiwari.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat nu digunakeun dina waktu panalungtikan nu nyoko kana métode jeung téhnik panalungtikan nu digunakeun (Arikunto, 2010: 192). Instrumén Panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. *handycam* atawa alat *perekam* gambar

Ieu alat digunakeun pikeun ngarekam lumangsungna prosés wawancara ka sababaraha narasumber, pikeun ngagampangkeun dina ngolah data hasil panalungtikan.

b. kaméra foto

Ieu alat digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun sakabéh kagiatan panalungtikan, ti mimiti obsérvasi nepi ka wawancara. Hasil ieu instrumén nya éta mangrupa gambar dua diménsi atawa visual.

c. pedoman wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Kampung Naga, meunangkeun data dumasar kana masalah nu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan maké sistem wawancara terstruktur.

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nya éta salah sahiji usaha kumaha cara (prosedur) nu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002: 19).

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa téhnik nu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun jeung ngumpulkeun data panalungtikan. Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik ulikan pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

Téhnik ulikan pustaka disebut ogé panalungtikan maca, ieu téhnik gunana pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung masalah anu rék ditalungtik ku cara néangan ogé neuleuman buku-buku nu jadi sumber pustaka dina ieu panalungtikan.

Téhnik obsérvasi nya éta hiji kagiatan atawa survéy nu langsung dilakukeun ka lapangan. Digunakeun pikeun niténan paripolah masarakat Kampung Naga, tujuanna pikeun néangan informasi jeung kajadian-kajadian nu ditalungtik luyu jeung masalah dina ieu panalungtikan. Alesan panalungtik milih téhnik obsérvasi sabab dina ieu téhnik nalungtikna ngagunakeun sakabéh alat indera manusa. Nu guna pikeun nalungtik, niténan, néangan informasi jeung data, kajadian-kajadian, ogé kumaha perosés ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan nu aya di Kampung Naga sacara aktual.

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun meunangkeun informasi jeung maluruh data ngaliwatan kagiatan komunikasi dua arah, antara panalungtik jeung informan. Data nu dikumpulkeun tina téhnik wawancara disebut data primér, nu ngagunakeun daptar patalékan nu geus disiapkeun. Wawancara dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara ngawawancara sababaraha réspodén atawa nu kaasup masarakat usia produktif.

Tehnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa gambar, video, rékaman sora, atawa dokuméntasi penting lianna pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nya éta téhnik nu dilakukeun ku panalungtik sanggeus data dikumpulkeun. Dina ieu téhnik data nu geus dikumpulkeun dipaluruh tuluy dipasing-pasing dijieun hiji kacindekan. Numutkeun Arikunto (2010: 53), ngolah data nya éta mikir patalina data jeung kasang tukang nu ngabalukarkeun ayana sasaruatan atawa bedana eta data, nu tuluy bisa dijieun hiji kacindekan panalungtikan.

Léngkah-léngkah dina ngolah data nya éta:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) nongton jeung ngadéngékeun hasil rékaman wawancara;
- 3) milah-milih data nu rék didésripsikeun;
- 4) ngadésripsikeun data; jeung
- 5) nyieun kacindekan tina data nu dipaluruh.

### 3.7 Prosedur panalungtikan

Léngkah-léngkah atawa prosedur dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

- 1) tahap tatahar;
- 2) tahap ngumpulkeun data;
- 3) tahap ngolah data; jeung
- 4) tahap nyusun laporan panalungtikan.



### 3.7.1 Léngkah-léngkah Tatahar

Léngkah-léngkah nu dilakukeun ku panalungtik nya éta:

- 1) ngajukeun judul panalungtikan;
- 2) ngajukeun proposal panalungtikan; jeung
- 3) méréskeun surat ijin panalungtikan ka lapangan.

### 3.7.2 Léngkah-léngkah Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) obsérvasi ka lapangan;
- 2) wawancara ka sababaraha réspodén;
- 3) ngadokuméntasikeun hasil obsérvasi jeung wawancara nu mangrupa gambar jeung vidéo; jeung
- 4) macaan jeung maluruh sumber séjén nu mangrupa studi pustaka, nu luyu jeung masalah dina panalungtikan pikeun ngarojong kana hasil panalungtikan ogé meunangkeun dasar-dasar tiori nu aya pakuat-pakaitna jeung panalungtikan.

### 3.7.3 Léngkah-léngkah Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina ngolah data nya éta:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) nongton jeung ngadéngékeun hasil rékaman wawancara;
- 3) milah-milih data nu rék didéskrripsikeun;
- 4) ngadéskrripsikeun data; jeung
- 5) nyieun kacindekan tina data nu dipaluruh.

### 3.7.4 Léngkah-léngkah Nyusun Laporan

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan nu sacara sistematis dina wangun skripsi, nepi ka jadi hiji informasi nu bisa disusun dina wangun déskriptif.

Dihandap dijaskeun kumaha sistematis runtuyan skripsi, nya éta:

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung raraga nulis.

Bab II Tatapakan Tiori, eusina ngawengku kabudayaan, wangenan budaya, wujud budaya, unsur-unsur budaya, pranata budaya, ajén atikan, rupa-rupa atikan, ruang lingkup atikan, fungsi atikan, pangaruh atikan kana kabudayaan, pangajaran maca, wangenan pangajaran maca, prinsip pangajaran maca, tujuan pangajaran maca, jeung bahan pangajaran maca.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku lokasi panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung prosedur panalungtikan.

Bab IV Analisis jeung Pedaran, nu eusina ngawengku Gambaran umum Kampung Naga, sistem kamasarakatan Kampung Naga, pola kahirupan jeung adat-istiadat masarakat Kampung Naga di kulawarga jeung kamasarakatan, ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan di Kampung Naga, sistem ngawariskeun ajén atikan kulawarga jeung kamasarakatan, bahan pangajaran maca dina wangun artikel budaya di SMA.

Bab V Panutup, nu eusina ngawengku kacindekan jeung saran.